

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Basa mangrupa alat pikeun komunikasi dina nepikeun maksud, kereteg haté, katut kahayang panyaturna. Sudaryat (1985 : 1) nétélakeun yén “basa téh nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh entep seurehna (sistematis) tur ragam (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi”.

Lumangsungna prosés komunikasi baris ngalibetkeun saeutikna dua jalma, panyatur jeung paregep. Panyatur nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung pamaksudanana (prauicap\Purwauicap), satuluyna nyusun basa atawa kode basa nu disebut énkoding, anu engkéna baris ngahasilkeun ucapan. Paregep salaku nu ngaregepkeun baris ngama'naan eusi, pikiran, rasa, kahayang, katut maksudna. Satuluyna ngalenyepan eusi sandi nu disebut dékoding, nepi ka prosés komunikasi katepikeun ku ayana kagiatan ngaregepkeun (audisi).

Kagiatan nyarita raket patalina jeung kagiatan ngaregepkeun. Ku kituna saméméh budak parigel dina nyarita tangtuna ngalaman heula meunangkeun basa ku jalan ngaregepkeun. Saurang budak bisa meunangkeun jeung mekarkeun basa ku jalan ayana imitasi\tironan. Prosés imitasi\tironan ieu mangrupa pangalaman meunangkeun basa anu mimiti katampa ku ceuli budak salaku basa indung. Lingkungan nu miboga peran penting dina mekarkeun basa budak téh nya éta lingkungan kulawarga. Manusa ngawasa basa alatan hasil paktor-paktor pangaruh

lingkungan basa jeung mékanisme internal siswa Nurhadi (Ellis 1986 :126), jeung Pranowo (1996).

Lingkungan kulawarga salaku lembaga informal sarta lingkungan munggaran pisan pikeun ngawanohkeun sakabéh pangaweruh jeung budaya, kaasup basa. Kamampuh basa nu dipimilik ku unggal budak sarta geus aya di masing-masing dirina saupama teu aya stimulus ti luar dirina, kamampuh LAD (Language Acquisition Device) ieu moal bisa mekar. Ku kituna stimulus ti lingkungan jeung kamampuh basa nu aya dina dirina silih pangaruhan.

Basa nu digunakeun ku kolotna baris nurun ka budakna mangrupa kabiasaan nu katarima dina prosés meunangkeun basa. Muhibbin (1995 :123) nétélakeun yén “ belajar kebiasaan yaitu prosés pembentukan kebiasaan-kebiasaan baru atau perbaikan kebiasaan-kebiasaan yang telah ada”.

Kamampuh nyarita mangrupa salasahiji kaparigelan dina diajar basa. Siswa dituntut pikeun mampuh dina nyarita atawa mampuh dina ngagunakeun basa luyu jeung fungsi, situasi sarta norma-norma ngagunakeun basa dina konteks sosialna (Halliday 1972 :269). Arsjad jeung U.S (1988 :23) nétélakeun yén “ kamampuh nyarita téh nya éta kamampuh ngucapkeun kalimah-kalimah pikeun ngaéksprésikeun, ngedalkeun, nepikeun pikiran, gagasan, jeung perasaan”.

Dina Pangajaran basa Sunda Kurikulum Berbasis Kompetensi (KBK), siswa dipiharep sangkan miboga kamampuh dina nyarita, henteu ngan saukur dibéré pangaweruh nguenaan pangajaran basa (nyarita), tapi leuwih nyindekel kana prakték\implementasi siswa boh di sakola atawa di luar lingkungan sakola. Nu dipiharep engkéna siswa miboga karep aya rasa resep tur nyaah kana diajar

basa, utamana basa Sunda salaku basa indung nu aya di Propinsi Jawa Barat, propinsi Banten, jeung sababaraha kabupaten nu aya di wates antara Propinsi Jawa Barat jeung Jawa Tengah.

Tapi dina kanyataanana ayeuna siswa ngarasa *asing* dina diajar basa Sunda, pangpangna nyarita basa Sunda alatan di lingkungan kulawargana geus teu diwanohkeun deui basa Sunda salaku basa indung. Chaer (2004 :227) miboga pamadegan ngeunaan kaayaan basa indung ayeuna anu tos jarang di kulawarga nu ngajarkeun basa indung basa daérah. Luyu jeung pamadegan Chaér, Abdul Hak ngayakeun panalungtikan ngeunaan basa indung anu mana hasil panalungtikanana nuduhkeun hal nu teu jauh beda ngeunaan basa Sunda nu dijadikeun basa sekundér, sedengkeun basa Indonesia robah jadi basa primér. Sok sanajan kolotna asli katurunan Sunda. Hal ieu baris mangaruhan kana kaparigelan siswa dina diajar basa Sunda, lantaran siswa kudu leuwih museurkeun panitenna sarta kudu ngaliwatan prosés nu rada lila dina ngaregepkeun runtuyan kalimah-kalimah nu ditepikeun ku guru, anu mana prosés ngalenyepan\panapsiran kana kode-kode (dékoding) ngalaman hahalang.

Ku ayana masalah saperti kitu, perlu ayana tarékah sangkan basa Sunda teu leungit jeung teu dianggap pelajaran asing ku siswanana. Tangtuna kudu aya solusi ku cara ngaliwatan ngalestarikeun seni budaya jeung ningkatkeun pangajaran basa Sunda di sakola-sakola. Anu utamana nya éta aya tarékah pikeun kulawargana sarta aya kasadaran sangkan tetep ngagunakeun jeung maké basa Sunda dina komunikasi jeung budak-budakna. Ayana gawé bareng antara lingkungan kulawarga, lingkungan masarakat, jeung lingkungan sakola nu

mangrupa tri tunggal pendidikan baris kahontal tujuan nu kaunggel dina kurikulum.

Panalungtikan ngeunaan ayana pangaruh lingkungan kulawarga kana kamekaran basa budak kungsi ditalungtik dina skripsina Ika Siti Kulsum (1999), tapi dina éta panalungtikan, saukur medar perkara *pemerolehan* basa budak. Sedengkeun panalungtikan dina ieu skripsi leuwih nyindekel kana kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda sabada meunangkeun basa ti lingkungan kulawargana, nu tujuanana pikeun ngukur kompetensi dasar siswa dina *keterampilan berbahasa*. Naha mémang aya hubunganana atawa aya korélasina antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawargana kana kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda di SMP YPI Cikoneng? Dumasar kana masalah nu dipedar di luhur mugia bisa dijawab tina hasil ieu panalungtikan.

1.2. Watesan Jeung Rumusan Masalah

Masalah nu baris dipedar dina ieu panalungtikan nya éta korélasi basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga jeung kamampuh nyarita basa Sunda siswa kelas VII di SMP YPI Cikonéng Kecamatan Ciparay Kabupatén Bandung. Kamampuh nyarita anu rék ditalungtik ngawengku lafal, lentong, wangun basa, katut undak usuk basana.

1.3. Rumusan Masalah

Dumasar kana pasualan-pasualan nu luyu jeung ambahan nu diperlukeun dina panalungtikan, mangka rumusan masalahna saperti ieu di handap.

- 1) Basa naon waé nu digunakeun di lingkungan kulawarga siswa SMP YPI Cikonéng dina kahirupan sapopoéna?
- 2) Kumaha kamampuh nyarita (paguneman) basa Sunda siswa SMP YPI Cikonéng?
- 3) Naha aya korélasi nu signifikan/teu signifikan antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga kana kamampuh nyarita (guneman) SMP YPI Cikoneng?

1.4. Tujuan Jeung Mangpaat Panalungtikan

1.4.1. Tujuan Panalungtikan

Tujuan kawilang penting dina sagala wangun kagiatan, kitu ogé dina panalungtikan kudu miboga tujuan nu jéntré sangkan panalungtikan mokus kana naon nu dimaksud. Dumasar kana pedaran di luhur, mangka panalungtikan nu dilakukeun ku nu nulis miboga tujuan pikeun ngajawab masalah-masalah nu dirumuskeun saméméhna, nya éta ngadeskripsikeun :

- 1) basa nu digunakeun dina kagiatan kahirupan sapopoéna di lingkungan kulawarga siswa SMP YPI Cikonéng.
- 2) kamampuh gunem catur (paguneman) siswa di SMP YPI Cikonéng.
- 3) ayana hubungan atawa korélasi antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga kana kamampuh nyarita.

1.4.2. Mangpaat Panalungtikan

Dina sagala kagiatan nu dilakukeun tangtuna miboga tujuan, sabada tujuan kahontal tangtuna baris aya mangpaatna. Kitu ogé panalungtikan ieu aya mangpaatna, diantarana waé.

- 1) Meunangkeun informasi kana kaayaan basa Sunda ayeuna nu lumaku di masarakat, naha masih kénéh dipaké salaku basa indung atawa henteu;
- 2) Meunangkeun gambaran kana kamampuh nyarita siswa di SMP YPI Cikonéng;
- 3) Meunangkeun inpormasi ngeunaan pangaruh kulawarga kana kamampuh nyarita siswa.

1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar panalungtikan diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Basa mangrupa alat pikeun komunikasi nu dipaké di lingkungan kulawarga.
- 2) Basa digunakeun pikeun gunem catur (paguneman) sarta diajarkeun di sakola.
- 3) Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun sakumna masarakat Jawa Barat.
- 4) Basa nu digunakeun dina hirup kumbuh sapopoéna rupa-rupa, bisa basa Sunda, basa Indonesia, jsb.
- 5) Kamampuh guneman dina nyarita bisa diukur.

1.6. Hipotésis

Hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta, “Teu aya korélasi anu signifikan antara basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga jeung kamampuh nyarita siswa di SMP YPI Cikonéng kecamatan Ciparay-Bandung”

1.7. Definisi Operasional

Sangkan teu nimbulkeun pamahaman anu béda dina judul panalungtikan ieu, ku kituna badé dirumuskeun saperti di handap ieu.

- 1) Korélasi nya éta hubungan dua variabel positif atawa negatif, signifikan atawa teu signifikan antara pangaruh lingkungan kulawarga (X) jeung variabel kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda (Y) ditilik tina lafalna, wangun, lentong, katut undak-usuk basana.
- 2) Basa di lingkungan kulawarga nya éta basa nu digunakeun dina kahirupan sapopoé nu dipaké antara bapa jeung indung, indung jeung anak, bapa jeung anak, anak jeung anak, katut kulawarga sejeénna nu aya patalina jeung hubungan darah, pikeun interaksi/komunikasi antara anggota kulawargana.
- 3) Kamampuh Nyarita nya éta kamampuh ngucapkeun sora-sora artikulasi atawa ngucapkeun kecap-kecap pikeun ngébréhkeun pikiran, perasaan, (Tarigan :1987) dina wangun lisan anu bener wangun basa, lafal, lentong, katut undak usuk basana.

